


## Èske yo ka trete kansè nan pwostat?

Genyen anpil opsyon pou trete kansè nan pwostat. Gason yo dyagnostike ak kansè nan pwostat yo dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo pou deside si yo bezwen tretman ak ki tretman k ap bon pou yo.

## Ou pa asire?

Si ou pa asire epi ou bezwen tretman pou kansè pwostat, Pwogram Tretman Kansè Medicaid la (MCTP) ka ede w. MCTP founi foul asirans Medicaid pandan tan y ap ba w tretman. Rele **1-866-442-2262** pou jwenn èd pou enskripsyon w tou pre ou.

Ou bezwen asirans sante? Ou kapab jwenn enfòmasyon sou fason pou enskri nan yon plan sante nan Plan Sante Eta New York la lè ou rele **1-855-355-5777**, oswa ale sou [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)




## Èske w te Konnen...

1 gason sou sèt pral gen kansè nan pwostat pandan lavi li.

Nan Eta New York, gason Nwa yo gen plis chans pou mouri ak kansè nan pwostat pase gason Blan yo.

Kansè nan pwostat se dezyèm kansè ki tiye plis gason ki gen kansè nan Eta New York.



# Jwenn Enfòmasyon Obektif konsènan **Kansè nan Pwostat**

**Gason ki genyen ant 55 ak 69 lane, gason nwa ak gason ki gen fanmi ki te fè kansè pwostat.**

**Ansanm, nou kapab deside si yon tès depistaj pou kansè nan pwostat se yon bon chwa pou ou.**



## Kisa Kansè nan Pwostat ye?

Kansè nan pwostat se kansè ki kòmanse nan pwostat la. Li se dezyèm kansè ki afekte plis gason nan Eta New York.

Kansè nan pwostat se yon maladi grav, men piò kansè nan pwostat grandi tou dousman. An royalite, piò gason ak kansè nan pwostat gen 65 lane oswa plis epi se pa maladi a ki touye yo.



**Pwostat la se yon ti glann yo  
jwenn sèlman nan kò gason.  
Pwostat la vin pi gran pandan  
mesye yo ap antre nan laj.**

**Lè yon gason gen kansè nan  
pwostat, oswa lòt pwoblèm ak  
pwostat, li kapab gen pwoblèm  
pou pipi ak ejakile.**

## Kisa ki Faktè Risk pou Kansè nan Pwostat yo?

- **Laj.** Pandan mesye yo ap antre nan laj, risk pou yo gen kansè nan pwostat vin ogmante. Yo dekouvi aperè 6 kansè nan pwostat sou 10 nan gason ki gen 65 lane oswa plis.
- **Ras.** Nan Eta New York, gason Nwa yo gen yon fwa edmi chans an plis pou mouri ak kansè nan pwostat pase gason Blan yo.
- **Maladi a nan Fanmi an.** Gason yo ki gen papa, frè, oswa pitit gason yo ki gen kansè nan pwostat gen plis risk.

## Kisa sentòm Kansè nan Pwostat yo ye?

Kèk gason p ap gen okenn sentòm, sitou nan premye faz kansè nan pwostat yo. Si yo gen sentòm, yo kapab genyen:

- Pwoblèm pou pipi, tankou li kapab fè yo mal oswa santi y ap boule, difikilte pou kòmanse oswa kanpe, oswa se yon ti gout pipi ki soti
- Pipi souvan, sitou pandan lannwit
- San nan pipi oswa espèm
- Doulè nan do, ranch, oswa basen ki pa janm ale
- Li fè mal pou ejakile

Si w gen nenpòt nan sentòm sa yo, pale ak pwofesyonèl swen sante w.

## Kimoun ki ta Dwe Fè yon Tès Depistaj pou Kansè nan Pwostat?

Depistaj vle di chèche kansè avan yon moun gen nenpòt sentòm. Sa a kapab ede jwenn kansè bonè.

**Gason ki gen ant 55 ak 69 lane, nèg ak gason ki gen fanmi ki fè kansè pwostat dwe pale ak founisè swen sante yo sou risk pèsonèl yo genyen pou fè kansè pwostat epi asavwa depistaj se pi bon opsyon an pou yo.**

Yo pa rekòmande depistaj pou kansè nan pwostat pou tout gason. Sa a se paske piò kansè nan pwostat grandi lantman epi yo pa touye moun. Epi tou depistaj yo kapab lakòz tretman ki pa nesesè, epi tretman an gen efè segondè, tankou enpwisans ak enkontinans.

Gason, sitou sa yo ki gen plis risk pou gen kansè nan pwostat yo, tankou gason ki pi aje, gason Nwa, ak gason ki gen fanmi ki gen kansè nan pwostat, dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo sou risk yo genyen pou kansè nan pwostat ak avantaj ak risk ki genyen nan tès depistaj.

## Ki Depistaj yo Fè pou Kansè nan Pwostat yo?

Tès PSA mezire kantite antijèn pwostat ki genyen nan san yon gason.

Nivo PSA ki pi wo pase nòmal kapab vle di gen yon pwoblèm pwostat, tankou yon pwostat k twò gwo. Yon PSA ki wo pa nesesèman vle di ou gen kansè nan pwostat.

Yon tès PSA ki pozitif kapab fè ou al fè lòt tès, ak yon biyopsi ladan. **Se sèlman yon biyopsi ki ka detekte kansè.**

**Pi fò plan asirans obligatwa pou kouvri depistaj kansè pwostat san depans pèsonèl.**